

School Name:

School Address:

Date:

Chè \_\_\_\_\_:

Dapre repons ou bay nan Kesyonè sou Lang ou Pale Lakay (*Home Language Questionnaire*) ou te ranpli lè enskripsyon an, e dapre rezilta yon entèvyou endividyèl, yo te sèvi ak Egzamen Leta Nouyòk pou Idantifikasyon Elèv ki Po Ko Ka Fonksyone nan Angle Tou Sèl (*New York State Identification Test for English Language Learners (NYSITELL)*) pou yo teste pitit ou, \_\_\_\_\_, nan dat \_\_\_\_\_. Rezilta NYSITELL la bay nivo konpetans li nan lang Angle ak elijiblite l pou l resevwa sèvis pou Elèv ki Po Ko Ka Fonksyone nan Angle Tou Sèl [*English Language Learner (ELL)*].

Nòt pitit ou a fè mete l nan nivo "Siperyè/Konpetan" nan NYSITELL la, sa vle di li gen konpetans nan lang angle e yo pa konsidere l kòm yon ELL ankò. Kidonk li pa gen pou l resevwa sèvis ELL ankò. Tanpri, kenbe lèt sa a nan dosye ou. Lekòl la ap kenbe yon kopi nan dosye kimilatif pitit ou.

Si ou gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte \_\_\_\_\_ nan \_\_\_\_\_.

Respè,

Principal: